

EKONOMIZE LAJAN!

SOU SÈVIS TELEFÒN POU KAY OU

Pwogram “**Lifeline Assistance**” lan bay yon rabè jiska

\$9.25

chak mwa sou bòdwo telefòn kay kliyan ki kalifye.

*Sa rann sèvis telefòn vin abòdab pou konsomatè
ki pap fè anpil lajan nan Eta kote n abite a.*

Ou ka kalifye pou w ekonomize si ou resevwa
èd nan youn nan pwogram sa yo:

- ◆ Lajan sosyal siplemantè (SSI) ◆ Mediked
- ◆ Èd Gouvènman federal pou ede moun peye lwaye kay yo (Seksyon 8)
- ◆ Pwogram Nitrisyon Siplemanté (SNAP)
- ◆ Pansyon pou veteran ak Benefis pou sivivan

Si w a 135% oswa ou pi ba pase nivo povrete a men ou pap resevwa èd aktyèlman nan youn nan pwogram ki make nan lis pi wo a, ou ka byen kalifye si w kontakte Biwo Konsèy Piblik la (Office of Public Counsel) nan Tallahassee nan 1-800-540-7039.

Gen konpayi telefòn pòtab ki bay sèvis lokal a yon pri konpetitif (CLEC) ki ofri pwogram “Lifeline Assistance”.

LIFELINE



ASSISTANCE

P W O G R A M

Si w bezwen konnen si w kalifye, oubyen ou ta renmen enskri pou pwogram sa, tanpri tcheke premye seksyon nan anyè telefòn ou an epi
RELE KONPAYI TELEFÒN KI BA W SÈVIS TELEFÒN NAN
oswa rele Depatman Sèvis Piblik Eta Florid la nan

1-800-342-3552

www.floridapsc.com